



Pou Piblikasyon Imedya: 06/12/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO: 10 REZON KI FÈ PLAN FISKAL GOP A SE YON KOU MÒTÈL POU EKONOMI NEW YORK AK NASYON AN

Gouvènè a mande delegasyon New York la nan Kongrè a pou li vote kont pwojè-lwa rekonsilyasyon devastatè sa a

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te souliyen 10 rezon trè enpòtan, ki se rezilta oswa ki ajoute sou eliminasyon inakseptab dediktibilite taks eta ak lokal yo, ki fè plan fiskal GOP a pral pote yon kou mòtèl sou ekonomi New York ak nasyon an. Anplis de sa, Gouvènè a mande delegasyon New York la nan Kongrè a, sa gen ladan kat reprezantan ki te vote pou pwojè-lwa sou taks la nan Chanm Reprezantan an, pou yo vote kont fiti pwojè-lwa rekonsilyasyon an poutèt efè devastatè li sou New York.

“Plan fiskal GOP a, si komisyon miks la apwouve li, pral yon ponya nan kè ekonomi New York ak nasyon nou an - I ap kokobe ekonomi nou an, fè defisi federal la eksploze, ogmante kou swen sante pou plizyè milyon moun epi laji eka a an Ameriken ki pi rich yo ak sa ki pi pòv yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Manm Kongrè a dwe mete tèt ansanm pou fè sa ki byen, fè travay yo epi mete pèp ameriken an devan nan anpeche pwojè-lwa devastatè sa a vòlè lajan Nouyòkè klas mwayèn ak klas travayè a fè nan di a. Mwen mande delegasyon New York la nan Kongrè a pou li kanpe avèk elektè yo epi pou li vote kont pwojè-lwa rekonsilyasyon final la.”

Pou rekòmande manm Kongrè a pou yo vote kont pwojè-lwa rekonsilyasyon final la, rele nimewo telefòn Chanm Reprezantan an ki se (202) 224-3121.

Plan fiskal GOP a pral:

1. **Monte taks sou revni:** Chanjman sa yo pral ogmante taks sou revni federal yo pou 2.4 milyon deklaran pa yon mwayèn 3,200 dola.
2. **Monte taks sou pwopriyete yo toutbon:** 725,000 fwaye nan New York ap peye taks sou pwopriyete ki depase plafon 10,000 dola sou dediksyon yo ki pwopoze a. An verite, bòdwo taks sou pwopriyete a pou mèt kay sa yo pral ogmante pa yon mwayèn 2,750 dola.
3. **Redui taks sou kòporasyon yo pa 1.5 trilyon san egzijans sou djòb oswa ogmantasyon salè:** Olye pou li bay moun priyorite, pwojè-lwa sa a bay pi gwo

konpayi nan lemonn yo yon rediksyon taks 40 pousan. Anpil kòporasyon ap annik sèvi avèk rediksyon sa a pou ajoute nan ekonomi yo; gen lòt ki pral separe ekonomi yo avèk aksyonè rich; genyen ki pral envesti nan teknoloji otomatizasyon pou fè plis Ameriken pèdi travay yo toujou. Sa ki pi mal la, pandan Nouyòkè k ap travay di yo pral pèdi oswa pral gen plafon sou kapasite yo pou dedui taks eta ak lokal nan kalkil revni federal yo, kòporasyon yo ap toujou kapab deklare taks eta ak lokal yo kòm yon depans komèsyal regilye.

4. **Redui valè plizyè milyon kay klas mwayèn:** Dapre Moody's Analytics, chanjman yo nan taks yo ta kapab kòmanse pa redui valè kay yo pa 10 pousan nan mache pi chè yo tankou nan New York epi pa ant 3 ak 5 pousan toupatou nan Etazini, epi konsa diminye valè pi gwo envestisman, kay yo, anpil fanmi New York fè.
5. **Limite kapasite dedui enterè sou plizyè milyon ipotèk sou kay:** Pwojè-lwa Chanm nan pral limite kapasite dedui enterè ipotèk nan prè jiska 500,000 dola olye de limit 1 milyon dola ki genyen kounye a pou mari ak madanm ki deklare ansanm. Sa pral touche 20 pousan kay yo nan New York, epi konsa bese valè yo si yo mete yo sou mache a, dapre yon analiz Asosyasyon Nasyonal Konstriktè Kay la (National Association of Home Builders). Kay yo ap vin pi chè pou achte epi vo mwens lè yo vann, sa k ap devaste mache imobilye a.
6. **Monte kou swen sante:** Plan fiskal GOP a pral detwi Lwa sou Swen Bon Mache a (Affordable Care Act), sa k ap ogmante kou swen sante yo anpil, epi potansyèlman aneyanti finansman Medicaid la poutèt l ap elimine manda endividyèl la.
7. **Ogmante kou yo pou etidyan yo:** Pwojè-lwa yo pral dekouraje patisipasyon nan ansèyman siperyè poutèt yo pral fè kolèj vin pi chè epi y ap detwi establite finansye kolèj ak inivèsite yo. Dispozisyon sou edikasyon yo pral ogmante taks yo pa plis pase 64 milya dola sou 10 lane k ap vini yo, nan tout peyi a. Plis pase 800,000 etidyan kolèj nan New York pral pèdi dediksyon sou prè pou etidyan an, epi y ap takse enstriktè ki se etidyan diplome yo ak asistan rechèch yo sou revni yo pa menm janm wè.
8. **Ogmante kou yo pou pwofesè yo:** Pwojè-lwa sou taks Chanm nan sible pwofesè nou yo nan elimine dediksyon sou depans pwofesè a fè avèk lajan ki sòti nan pòch li pou saldeklas la. Sa pral ogmante taks pou 290,000 pwofesè nan New York pa yon mwayèn 260 dola.
9. **Elimine dediksyon ak kredi trè enpòtan, tankou paregzanp:**
 - a. Prestasyon alimantè divòse yo peye
 - b. Depans demenajman, eksepte pou moun ki nan fòs ame yo
 - c. Moun ki ale ak sòti nan travay sou bisiklèt
 - d. Machin ki fonksyone avèk enèji renouvlab ak elektrik
10. **Fè defisi federal la eksploze:** Pwojè-lwa Sena a pral ogmante defisi nasyon an pa plis pase 1.4 trilyon dola sou dis lane k ap vini yo, dapre Biwo Bidjè Kongrè a

(Congressional Budget Office). Plan Chanm nan pral koute apeprè 1.7 trilyon dola sou 10 lane.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418